**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада ўзбек адабиётида психологик, ижтимоий, фалсафий, маиший руҳдаги асарлар таркибида қўлланилган дедективизм, криминализм хусусиятлар талқин этилган.
**РЕЗЮМЕ.** В данной статье интерпретируются черты детективизма и криминалистики, используемые в психологических, социальных, философских, бытовых произведениях в узбекской литературе.
**SUMMARY.** This article are interpreted the features of detectiveism and criminalism used in psychological, social, philosophical, domestic works in Uzbek literature.

# I.YUSUPOVTIŃ EPIKALIQ SHIǴARMALARINDA ROMANTIKALIQ MOTIVTIŃ QOLLANILIW SHEBERLIGI

**R.Qudiyarova –** *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch soʻzlar:** romantik ruh, romantik motiv, gʻoyaviy taraf, poetik detal, atribut, lirik qahramon.
**Ключевые слова**: романтический настрой, романтический мотив, идейная сторона, поэтическая деталь, атрибут, лирический герой.
**Key words**: romantic spirit, romantic motive, idiomatic side, poetic detail, attribute, lyrical hero.

I.Yusupovtıń kóplegen poemalarında romantikalıq syujetler menen qıyalıy waqıyalar sheberlik penen isletiledi. Álbette, dóretiwshilik hesh bir kórkem shıǵarma jazılıwı da tolıq múmkin emesligi de shınlıq. Eger, shayır yamasa jazıwshı tek ǵana bolǵan waqıyalar menen tariyxıy faktlerdi bayanlaw menen ǵana sheklense, onda olar shın mánisindegi naǵız kórkem dóretpe de bola almaytuǵınlıǵı túsinikli. Óytkeni, folklor menen jazba ádebiyatta haqıyqıy romantikalıq syujetlerdiń áhmiyeti úlken. Mine, usıǵan uqsas baǵdarda I.Yusupovtıń «Dala ármanları» poemasınıń romantikalıq motivlik kompoziciyalıq qurılısı júdá qospalı hám quramalı bolıp esaplanadı.

Syujet hám motiv haqqında ádebiyatshı alımlardıń kózqarasları hár qıylı bolıp, A.N.Veselovskiydiń pikirinshe: «Motivler baslanǵısh syujet háreketin júzege keltiredi» [1:494]. Ol motivlerdi syujettiń eń kishi bir bólegi sıpatında analizleydi. B.Putilovanıń pikirinshe «Motiv –syujettiń mazmunı» [2:142]. Tiykarınan, eki alımnıń motiv haqqındaǵı pikirleri durıs. Sebebi, folklorlıq shıǵarmalardıń strukturası motivlerge súyengen halda qáliplesedi. Epikalıq shıǵarmalardaǵı motivlerdi anıqlaw hám olardıń ilimiy analizi motivler evolyuciyasın hám belgili bir xalıqtıń etnogenetikalıq tiykarların, tariyxın úyreniw úlken áhmiyetke iye.

«Dala ármanları» poeması óziniń romantikalıq ruwxı menen ajıralıp turadı. Poemada sheksiz keń Ústirt jáziyrasınıń sırlı baylıqlar kánin ózlestiriwshi geologlardıń qaharmanlıq isleri, ásirimiz ortalarında Qaraqalpaqstanda júz berip atırǵan jańa ózgerisler jırlanadı. Ústirttiń eski tilsiz, qorqınıshlı, sonıń menen birge, bay tariyxqa tolı eski ótmishi menen jańa ásir adamlarınıń ilimge tiykarlanǵan sanalı miyneti arqasında jańarǵan jamalı sheber salıstırıwlar arqalı liro-romantikalıq jobada sáwleleniwin tapqan, onda talay tariyxıy waqıyalardıń guwası bolǵan ǵáziynege bay hám zıqna keń dalańlıq Ústirt tábiyatı menen onı ózlestiriwge umtılıp atırǵan insan arasındaǵı baylanıs oraylıq orında turadı.

Poemada qoynındaǵı kán baylıqtı bildirmey buyıǵıp jatqan shet-shebirsiz Ústirt dalasınıń tábiyat kórinisleri menen tereń sırları da shayırdıń ózine tán lirikalıq boyawları menen jańasha súwretlenip beriledi:

*«Dala oylanbaydı» dese, hárgiz inanba,*
*Oylanbasa, nege saǵımlar aǵar,*
*Áne, ústem oyday keshki aspanda,*
*Bir búrkit sharıqlap qanatın qaǵar.*
*Dala jansız dese, hárgiz inanba,*
*Janı bar, biraq ol miyrimsiz gereń,*
*Dala megzer bay hám zıqna adamǵa,*
*Dalanıń júregi qatal hám tereń.*
*Dalada teńew hám megzetiwler kóp,*
*Kel, janım, tamasha baslandı jáne* [3:25]

Poema romantikalıq motivi, ideyalıq baǵıtı, forması jaǵınan qaraqalpaq poeziyasında jańa qubılıs bolǵanınday, óziniń bilimi, talantı, qıyınshılıqtan qorıqpaytuǵın qaysar, Watanǵa, doslarǵa, kásibine degen sap muhabbatqa tolı adamgershilikli álpayım minezi menen meńirew dalanıń da tilsim tilin tapqan, qoynı ǵáziynege tolı sıyqırlı sırın ashqan kózi teńizdey kók, aspanday móldir, ushqır qıyalları samalday erkin Arqanıń sahibjamalı - rus qızı Mariya usaǵan zamanagóy jaslardıń romantikalıq motiv jasaw sıpatları boyınsha 60-jıllar qaraqalpaq poemashılıǵına jańa lep alıp keldi.

Sonday-aq, I.Yusupovtıń "Búlbil uyası" poeması óziniń syujetlik hám motivlik ózgesheligi menen ajıralıp turadı. Shayır poemasında birinshi syujetlik baǵdarda eń dáslep ózi tuwılǵan jeri tuwralı ishki lirik keshirmelerin beredi. Sebebi, tap sol jerden búlbil uyasın hám onıń ayanıshlı táǵdirin ushıratqan. Bul bizińshe syujetlik sharayattı sóz sheberiniń jazba realistlik sıpatta obektivlestirip súwretlewi bolıp esaplanadı hám júdá aqılǵa muwapıq alınǵan:

Qanıńday shıraylı sheńgel gúlleri,
Jupqa oramal jayıp ketkendey qızlar.
Sol sheńgel astında kóp kúnnen berli,
Ózim kórip júrgen qus uyası bar…
Kózge ıssıq Kegeyliniń jaǵası,
Tuwıp ósken shańda oynaǵan jerim
Muzap penen tal astında tabısıp,
Tuńǵısh muhabbetti jırlaǵan jerim. [4:303]

Ekinshi sjetlik baǵdarda shayır muǵallim jigittiń mine, usı «búlbil muǵallim» ekinshi jer júzlik urıstıń baslanıwı menen eki qabat kelinshegin taslap, basqa jigitler qatarı frontqa ketiwge májbúr boldı. («Kúygelek kóz kelinshegi bar edi. Qosıq aytqan waǵında xosh hawazınan, ay tuwıp, juldızlar saǵınar edi».

Bul alınǵan mısalda shayır romantikalıq motivtı óz ornında sheber qollanıla alǵan. Sebebi, óziniń súyikli yarınıń sulıwlıǵı menen qosa onıń xosh hawazın da saǵınıw sezimleri sheberlik penen berilgen.

Solay etip, shayır jigitti frontqa uzatıp bolıp úshinshi bólimde jáne de búlbil qus haqqındaǵı waqıya syujetke kóshedi. Bunda ol usı qustıń tek ǵana bir máyek salıp, sol jalǵız máyek ústinde qurıq basıp, baǵ joq jerde sheńgeldi sayalap, shańgeldi ǵana ıqlap kózleri tórt bolıp úlken úmitler menen perzent daǵında jatatuǵınlıǵın ayrıqsha terbenisler menen jetkeredi:

Jalǵız máyek salıp qurıq basqanda,
Bir ıntıqlıq sezim juwırıp qanǵa,
Erik náwshesindey júregi qustıń,
Miyrim bulaǵına shomılar edi.
… Moyınsınıp jaratılıs zańına,
Uwız iyi qurıp jatadı bayǵus.
… Sheńgel qorǵap onı tikeni menen,
Kún ısıǵan waqta sayasın saldı.
… Máyek shayqap waqtın-waqtın qozǵaldı,
Kúndiz suwıq, aqsham ayaz ızǵarlı,
Gúbelektiń qanatınan oyanıp,
«Qustıń uyqısınday»-degen sóz qaldı. [4:305-306]

Kórip otırǵanımızday, turmısta usınday bolǵan jaǵdayda do onı shayır bári bir kózi kórmese de romantikalıq usıl menen jetilistirip, ayrıqsha janlandırıp kórsetip otır. Shayır qusqa tiyisli hár bir detallardı sezimtallıq penen dinamikalıq usılda jetilistirip súwretlegen.

Usı jerde qálem iyesi qustı táriyplewdi jáne de toqtatıp, taǵı da haqıyqıy ómirdegi qaharmanlar táǵdirin sú-

wretlewge, qorqınıshlı jıllardıń tipik waqıyaların jesir qalǵan kelinshek hám ózine («Tabelchik bala») baylanıslı sáwlelendiriwge ótedi. Bunday qatarma-qatar, parallel syujetlik baǵdarlardı shayırdıń kompoziciyalıq túrde baylanıstırıp barıw sheberlikleri de óz aldına aytarlıqtay tásiyin qaldıradı. Ol da folklorlıq dástúrlerdegi, ásirese, xalıq dástanlarındaǵı iri-iri waqıyalardı jırawlardıń bayanlaw usılına, olardıń baylanıstırıw sheberliklerine usap ketkendey boladı. Mısalı:

Birin aytıp birisine óttim be?!
Qustı qoyıp adamzatqa óttim be?!
Urıs jıllar iz qaldırǵan talaydıń,
Ayaq soqpaǵı kóp biziń bettiń de…
Olar alıp barar paxtalıqlarǵa,
Júweri atız hám jońıshqalıqlarǵa,
Bunda tabelchiktiń «asha tayaǵı»,
Tiymegen bir qıyaq egis jer bar ma?! [4:307]

Usı baǵdarda ol gileń hayal-qızlar arasında tabelchik bala bolıp atanıp ketken óz keshirmelerin búlbil jigittiń kelinshegin hám basqalardıń tágdir jolları menen qosa alıp súwretlep, atız qıyınshılıqları menen birge jigit haqqında pochta alıp kelgen gazetadaǵı «Sayra búlbil» degen maqala menen tanısıw barısındaǵı motiv detalların júdá sheberlik, úlken tásirlilik penen ashqan.

«Sayra búlbil» degen temasın qara!
Urıs barar Dnepr jaǵalarında.
Shaqqan razvetchik bolıp jetisken,
Bizdi oqıtqan sol muǵállim aǵa.
Búlbil bolıp sayrap keltirip babın,
Til ákelgish eken tawıp esabın
Bul kewilli jaw júrekli serjanttıń,
«Solovoy» der eken polkta laqabın. [4:308]

Mine, usınday sózler jazılǵan gazetanı atız basında oqıǵanda onıń kelinsheginiń quwanıshında shek joq, sol maqalanı «jupqa oramalınıń ushına áste ǵana túyip qoyǵanına» shekem shayır romantikalıq motiv sıpatında tásirli túrde poeziyalıq til menen sáwlelendiredi. Sońınan ol tabelchik jigitke búlbil jigit penen Moskvaǵa barǵanında tanısqanların aytıp beredi. Qullası olar arasında mehir-muhabbetli qatnaslar payda boladı. Olar qısta qazıw waqtında qaytıp kiyatırǵanda kelinshekti sırtınan ańlap, oǵan ishinen intizar bolıp júrgen baslıq penen ótikir qarama-qarsılıqlarǵa baradı. Sol waqıyalardı realistlik penen ótkir qarama-qarsılıqlarǵa baradı. Sol waqıyalardı realistlik kartinalar menen súwretlewlerde de shayırdıń sheberligi ayrıqsha kózge taslanadı. Shayır bul jerde qıymıl háreket detallar menen birge qaharmanlardıń qısqa-qısqa dialoglardıń berip ayrıqsha tabıslarǵa erisken. «Tońıp qala kórme, tabelchik bala»,-dep onıń jaǵasın qamtıp atırǵan kelinshekti kórip qızǵanısh otına janǵan awılatkom baslıǵı at ústinde sıǵırayıp otırıp olardı bir neshe shımshımay, sıyqırlı sózler menen shaǵadı. («Usı ma awlaqta tabısqan kisiń, - dep kisimsinip kúldi jumılıp kózi». Olar arasında mınaday sózler ketedi:

Tayıń da úyretseń, miniske jaqsı,
Qawın egip ketti qosta joq saqshı…
Sol ekken qawındı saǵal jegenshe,
Ballardıń jegeni kewildiń naqshı.
- Basın aylandırıp ańqaw ballardıń,
Qara kózli kelin qılıǵıń ǵar dım… [4:314]

Sóytip, sol awılatkom baslıǵı at ústinde eńkeyip kelinshekti súymekshi bolǵanda da oǵan kelinshek erik bermey, al, tabelchik bala, lirik qaharman bolsa oǵan kesek atqanda at qaymıǵıp ketip, baslıq jerge ıńq etip jıǵıladı. Baslıq «Xojalıǵın buzba frontovniktiń»,-dep jas bala-jigitti atqa da qaqtırıp, onı qamshı menen aldırıp ta úlgeredi. Biraq, bári bir olar awılatkom baslıǵınıń jalǵan ǵamxorlıǵı menen ol kelinshektiń izinen ańlıp júrip, aqır ayaǵında onı zorlap qolǵa túsiredi, zorlıq etedi.

Shayır usınday real turmıs waqıyalarına baylanıslı syujetlik baǵdardı beriw arasında da bólim-bólim sıpatında negizgi syujet-búlbil uyasın, onıń palapanınıń tágdirin hám oǵan baylanıslı bolǵan óziniń liriko-psixologiyalıq, psixofilosofiyalıq oyların áste aqırınlıq penen berip baradı. Mısalı:

Bazda tań bolaman sarǵayıp atqan,
Geyde jolawshıman sharshap kiyatqan.
Ne qubılıs bolmas kewil dúzinde,
Birde qus bolaman uyada jatqan.
…Oylayman «áh, sonsha asqınlar adam»,
Sonda bul keń dúnya qus uyasınday.
Bir músápirxana kóriner maǵan… [4:312]

Sonıń menen birge usı jerde shayır tárepinen qus uyasınıń shártli túrde, parallel halında alınǵanlıǵı qálem iyesi tárepinen úydiń sózin tırnaqshaǵa alıp jazǵanınan-aq sezilip tur. Yaǵnıy oǵan shayır simvolika-metaforalıq áhmiyet bergen degen sóz. Al, negizgi bóliminde bolsa syujettiń tap usı bólimlerinde, usıǵan parallel «búlbil» jigittiń, ulıwma insanlar tágdirine súwretleytuǵın bólimlerinde fronttan kelinshek «qara qaǵaz» alıw menen ǵana sheklenbey, joqarıda aytqan awılatkomnıń ańlıp júrip islegen zorlıǵına ushıraǵannan soń ol shala májgún halında túnler boyı úyine jaqın jerdegi kól boyınada otırıp, muńǵa batıp zarlanatuǵın bolıp qaladı. Bunı eń birinshi ret tabelchik jigit, yaǵnıy lirik qaharman sezip qaladı hám oǵan óz sheriklesligin bildirgisi kelgeninde, kelinshek te oǵan minnetdar bolıp, óz muhabbatında sezdirgen sıyaqlı bala-jigitti qushaǵına alıp aymalaydı. Usı jerde baslıqtıń qılǵan buzıqlıǵı hám fronttan kelgen aljasıq qara qaǵazdıń sebeplerine baylanıslı da kelinshektiń hám «tabelchik bala»-negizgi lirik qaharmannıń úylerine úlken abırjıw, quldıraw baslandı dewge boladı.

Juwmaqlap aytqanda usılardıń barlıǵı hár qanday ullı talant iyeleri menen eń kúshlimen degen qálem iyeleriniń barlıǵı da romantikalıq motivti shetlep ótpegen. búgingi kórkem ádebiy dástúrler, dáwir haqıyqatlıǵı menen tutastırıp otırıp ullı dóretpeler jazǵan. I.Yusupovtıń "Dala ármanları" hám "Búlbil uyası" poemalarında romantikalıq motivtiń eń jaqsı úlgilerinen paydalanǵanlıǵınıń gúwası boldıq.

## Ádebiyatlar


1. Веселовский В.Г. Историческая поэтика. –Л.: «Высшая школа», 1940.
2. Путилов Б. Мотив как сюжетообразующий элемент / Типологическое исследование по фольклору. –М.: «Наука», 1975.
3. Мәмбетов Қ. И.Юсуповтың поэмалары. –Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2005.
4. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Билим», 2018



**REZYUME.** Maqolada O‘zbekiston Qahramoni, O‘zbekiston va Qoraqalpog‘iston xalq shoiri I.Yusupovning epik badiiy asarlarida qo‘llanilgan romantik motiv haqida so‘z etilgan. Romantik motiv qoraqalpoq adabiyotshunosligida tadqiqot qilishni kutib turgan masalalardan biri hisoblanadi. Shoirning romantik motivni qo‘llash chevarligi va badiiylik xizmati haqida bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представляются материалы о романтическом мотиве, использованном в эпических произведениях Героя Узбекистана, народного поэта Узбекистана и Каракалпакстана И. Юсупова. Романтический мотив – одна из проблем, ждущих своего исследования в каракалпакском литературоведении. Отмечено умение поэта использовать романтический мотив и его художественное служение.

**SUMMARY.** The article talks about the romantic motif used in the epic works of the Hero of Uzbekistan, the national poet of Uzbekistan and Karakalpakstan I. Yusupov. Romantic motive is one of the issues waiting to be researched in Karakalpak literary studies. The poet's ability were mentioned about using the romantic motif and his artistic service.